

Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO, LIDÈ MAJORITE A ANDREA STEWART-COUSINS, AK PÒTPAWÒL CARL HEASTIE SOU AKÒ KONJWEN POU REMANYE POLITIK IZÒLMAN SOLITÈ YO

"Pandan ke nou desi dèske lejislasyon sou Altènatif Imen ak Long Tèm (Humane Alternatives to Long-Term, HALT) lan pa te kapab adopte ane sa a, nou te jwenn yon akò pou redwi drastikman itilizasyon izolasyon solitè nan etablisman koreksyonèl yo. Nouvo etap sa yo ki fonde sou refòm anblematik ane sa yo epi ki pral ede korije inegalite yo ak mete fen nan pratik inimen nan sistèm jistis penal nou an. Ansanm nou pral kontinye travay sou kesyon sa a, konbat pou fè Eta sa a avanse epi kreye yon New York ki pi solid, pi ekitab ak pi jis pou tout moun".

Kondisyon akò sa a yo, ki pral egzekite administrativman an, gen ladan:

- Entèdiksyon estrik pou afektasyon moun vilnerab ki nan prizon yo tankou adolesan yo, fanm ansent yo, ak andikape yo andedan yon inite lojman espesyal pou izòlman solitè ak dispozisyon yo pou asire ke sèlman moun ki nan prizon ki afiche move kondwit grav yo kapab ale nan inite lojman espesyal yo pou izòlman solitè.
- Asire ke dire tan moun ki nan prizon yo pral otorize pou loje andedan yon inite espesyal pou izòlman solitè finalman plafone ak 30 jou.
- Etann itilizasyon inite espesyalize yo pa Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) a kote moun yo retire nan izòlman solitè yo pral loje avan yo retounen yo nan zòn popilasyon jeneral etablisman an. Pandan yo loje nan inite espesyalize yo, moun ki nan prizon yo pral resevwa pwogramasyon ak tretman ki adapte pou pwomouvwa devlopman pèsònèl ak reyabilitasyon epi yo pral egzije pou pèsònèl ki afekte ak inite sa yo sibi fòmasyon anplis.
- Asire ke moun ki nan prizon ki loje andedan youn nan inite espesyalize yo pral kapab jwenn yon liberasyon bonè pou retounen nan zòn popilasyon jeneral etablisman an lè yo konplete pwogramasyon yo ba yo a avan ekspirasyon sanksyon ki enpoze a. Pral genyen tou yon sipozisyon ke nenpòt pèt bon tan pral restore bay moun yo ki konplete ak siksè pwogram reyabilitasyon yo a.
- Asire ke yo pa refize bay moun ki nan prizon yo sèvis esansyèl tankou yon sòt de disiplin epi DOCCS la pa pral enpoze rejim alimantè ki limite yo oswa nenpòt chanjman kòm pinisyon.
- Rann li klè ke izòlman solitè pral yon pinisyon ki rezève pou kondwit grav ki kreye risk siyifikatif pou byennèt ak sekirite etablisman koresyonèl yo ak moun ki andedan yo a.

- Ogmante fòmasyon tout pèsonèl yo ki travay andedan inite lojman espesyal yo sou teknik dezeskalad yo, prejije enplisit yo, swen ki konsidere efè tromatis yo, ak rezolisyon dispit.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)